

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode anu digunaeun dina ieu panalungtikan. Hal-hal nu patali jeung métode panalungtikan dipedar dina ieu bab, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data panalungtikan, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan objék sacara alamiah, téhnik ngumpulkeun data sacara triangulasi, sifat analisis datana induktif/kualitatif, sarta hasil panalungtikanana nyindekel kana harti/ma'nana (Sugiyono, 2013, kc. 9). Ari métode déskriptif téh métode panalungtikan dina pamarekan kualitatif basajan kalawan alur induktif (Yuliani, 2018, kc. 84). Hartina, panalungtikan déskriptif téh dimimitian ku prosés atawa kajadian anu ahirna bisa dijieun kacindekan tina éta prosés atawa kajadian. Kim, spk. (dina Yuliani, 2018, kc. 84) nétélakeun yén métode déskriptif kualitatif téh dipuseurkeun pikeun ngajawab pananya panalungtikan, saperti saha, naon, di mana, jeung kumaha hiji kajadian bisa lumangsung anu satuluyna diulik leuwih teleb nepi ka kapaluruh pola-pola tina éta kajadian.

Pikeun ngaréngsékeun ieu panalungtikan, léngkah-léngkah nu kudu dipilampah dina ieu panalungtikan téh di antarana, 1) nangtukeun masalah; 2) ngumpulkeun téori; 3) nangtukeun métode panalungtikan jeung instrumén panalungtikan; 4) ngumpulkeun data kalimah rangkepan tina sumber data; 5) analisis ngagunakeun analisis tagmémik jeung déskripsi data; jeung 6) nyieun kacindekan tina hasil ngolah data. Sangkan leuwih gampang, léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun dina desain panalungtikan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022. Ari datana nyaéta sakabéh kalimah rangkepan nu aya dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022. Data nu kapanggih tuluy dianalisis patali harti antarklausa jeung adegan kalimahna maké analisis tagmémik.

Aya 36 tarjamahan téks warta anu dikumpulkeun ti siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022. Ieu di handap daftar téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022.

Tabél 3.1

Daftar Téks Warta Tarjamahan Siswa Kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung
Taun Ajar 2021/2022

No.	Judul Warta	Eusi Warta
1.	Kasus Hepatitis di Indonesia	Kamekaran kasus hépatitis akut di Indonésia nepi ka bulan Méi 2022, naon sababna, sarta kumaha cara nyingkahanana.
2.	Banjir	Banjir di Jakarta tanggal 6 Méi 2022, kronologisna, jeung cara nyingkahanana.
3.	Hawa Panas di Sabagian Wewengkon Indonésia	Sabab-musabab hawa panas di Indonésia.
4.	Virus Corona	Kamekaran virus corona, gejala awal, akibatna, jeung cara nyingkahanana.
5.	Mudik	Kaayaan mudik 2022 anu diwenangkeun ku pamaréntah sabada dua taun dilarang.
6.	Kasus Hepatitis Akut Misterius	kamekaran kasus hépatitis akut di Indonésia, sabab-musababna, jeung tarékah pikeun nyingkahanana.
7.	Sebaran Usia 21 Pasén Diduga Hépatitis Misterius di Jakarta	wincikan pasén di Jakarta anu keuna hépatitis akut jeung cara nyingkahanana.
8.	Fenomena Macet Pas Mudik	Mudik 2022 nu diwenangkeun deui ku pamaréntah. Kaayaan nu mudik di Tol Cipularang.
9.	Sapoe Sanggeus Jokowi Narik Larangan Ekspor, Sabaraha Pangaos Lisah Goreng di Pasar?	Harga minyak goréng anu turun sanggeus ayana larangan ékspor CPO jeung jumlah minyak goréng anu nyukupan kabutuhan nasional.
10.	Patalina Arus Mudik jeung Nambahna Poé Libur Siswa/Siswi	Poé libur lebaran 2022 ditambahan ku pamaréntah pikeun ngurangan kamacétan di jalan.
11.	Waspada kana Hépatitis Akut di Indonesia	Gejala nu kapanggih ti tilu pasén hépatitis akut di rumah sakit RSUD Dr. Ciptomangunkusumo nu mangrupa pasén rujukan ti rumah sakit ti Jakarta Timur jeung Jakarta Barat.
12.	WHO Ngumumkeun Kapanggihna Panyakit Hépatitis Akut, Dunya Kudu Siap pikeun Pandemi anu Séjén?	Kamekaran panyakit hépatitis akut di Indonésia anu bisa jadi sasalad gaganti covid-19 sarta cara-cara nyingkahan éta panyakit.
13.	Kereta Anjlok di Antara Stasiun Manggarai-Sudirman	Kajadian anjlokna karéta rute Manggarai Bukit Duri anu ngabalukarkeun sababaraha perjalanan kaganggu.

jst. (ilikan lampiran 3)

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina panalungtikan téh nyaéta téhnik tés jeung studi pustaka. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kalimah rangkepan nu aya dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022, ari téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data tiori nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Dumasar kana dua tehnik di luhur, ngumpulkeun data dilakukeun kalawan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Ngabagikeun LKPD ka siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022 pikeun narjamahkeun téks warta tina basa Indonésia.
- 2) Ngumpulkeun tarjamahan téks warta siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022.
- 3) Macaan tarjamahan téks warta siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022.
- 4) Nyirian kalimah rangkepan tina téks warta hasil tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022.
- 5) Nyalin kalimah rangkepan kana kartu data.
- 6) Méré nomer data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun nyaéta Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD) jeung kartu data. Instrumén LKPD digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina wangun paréntah. Ieu di handap mangrupa conto instrumén LKPD anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

Tabél 3.3 Kartu Data

Nomer Data : 001												
Kode Data : (TWTS-01/P3/K3)												
Kalimah: Masarakat diperedih pikeun maké masker, kukumbah maké cai beresih, tur nyingkahan ririungan.												
Klausa 1: masarakat diperedih pikeun maké masker												
Klausa 2: kukumbah maké cai beresih												
Klausa 3: nyingkahan ririungan												
Kecap Panyambung: tur												
Adegan Tagmémik:												
Kal Ngan =	+	<table border="1" style="margin-left: auto; margin-right: auto;"> <tr> <td style="text-align: center;">Dasar-1</td> <td style="text-align: center;">Kl G</td> </tr> <tr> <td style="text-align: center;">Kal</td> <td style="text-align: center;">Kl G</td> </tr> </table>	Dasar-1	Kl G	Kal	Kl G	+	<table border="1" style="margin-left: auto; margin-right: auto;"> <tr> <td style="text-align: center;">Dasar-2</td> <td style="text-align: center;">Kl G</td> </tr> <tr> <td style="text-align: center;">Kal</td> <td style="text-align: center;">Kl G</td> </tr> </table>	Dasar-2	Kl G	Kal	Kl G
Dasar-1	Kl G											
Kal	Kl G											
Dasar-2	Kl G											
Kal	Kl G											
	±	<table border="1" style="margin-left: auto; margin-right: auto;"> <tr> <td style="text-align: center;">Pany-Ngan</td> <td style="text-align: center;">Pany</td> </tr> <tr> <td style="text-align: center;">Pangjum</td> <td style="text-align: center;">Kl G</td> </tr> </table>	Pany-Ngan	Pany	Pangjum	Kl G	+	<table border="1" style="margin-left: auto; margin-right: auto;"> <tr> <td style="text-align: center;">Dasar-3</td> <td style="text-align: center;">Kl G</td> </tr> <tr> <td style="text-align: center;">Kal</td> <td style="text-align: center;">Kl G</td> </tr> </table>	Dasar-3	Kl G	Kal	Kl G
Pany-Ngan	Pany											
Pangjum	Kl G											
Dasar-3	Kl G											
Kal	Kl G											
	-	<table border="1" style="margin-left: auto; margin-right: auto;"> <tr> <td style="text-align: center;">Len</td> <td style="text-align: center;">Len Pam</td> </tr> <tr> <td style="text-align: center;">Waw</td> <td style="text-align: center;">Kl G</td> </tr> </table>	Len	Len Pam	Waw	Kl G						
Len	Len Pam											
Waw	Kl G											
Patali Harti Antarklausa: Jumlah												

Katerangan:

TWTS : Téks Warta Tarjamahan Siswa

01 : Nomer urut siswa

P : Paragraf ka-...

K : Kalimah ka-...

3.5 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data nyaéta kagiatan nganalisis data nu geus dikumpulkeun. Sabada data dikumpulkeun, tuluy dianalisis anu langkah-langkahna nyaéta:

- 1) kartu data dipasing-pasing dumasar kana wangun kalimah rangkepan;
- 2) milah-milah kalimah rangkepan dumasar kana jumlah klausa;
- 3) nganalisis jeung ngadésripsikeun wangun kalimah rangkepan dumasar kana kecap panyambung jeung jumlah klausana;
- 4) nganalisis jeung ngadéskripsikeun adegan kalimah rangkepan dumasar kana posisi klausa katut kecap panyambungna sarta jumlah klausa;
- 5) nganalisis jeung ngadéskripsikeun patali harti antarklausa kalimah rangkepan dumasar kana kecap panyambung anu ngantétkeunana; jeung
- 6) nyieun kacindekan tina hasil analisis kalimah rangkepan.

Kurniawan Darnasutisna, 2022

ADEGAN KALIMAH RANGKEPAN DINA TÉKS WARTA TARJAMAHAN SISWA KELAS XI-IPA 2
SMA NEGERI 14 BANDUNG TAUN AJAR 2021/2022

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu